

Yon prensip jesyon Konfyans Nan Bondye



“Si ou krè nan lajan ou va detwi tèt ou! Men si ou krè nan Bondye ou va grandi tankou yon bèl pyebwa.” Pwovèb 11:28

By John E. Schrock

Souliyen konsèp kle w jwenn nan prensip sa a.

Sou dola ameriken an nou li, “Se nan bondye nou kwè.” Eske nou kwè vre? Zansèt nou te krè. Yo te riske vi yo pou sa yo te kwè. Yo te konprann valè kwè nan Bondye epi fè Bondye ak labib konfyans. Labib se te manyèl tribinal epi youn nan bagay absoli ki te bayo lafwa ak kouraj. Se te fondasyon oswa fonman kote yo estriktire konstitisyon epi bati sosyete pwospè nou an. Yo te konnen lajan pa t kapab vin Bondye nou, donk yo enprime mo sa kòm yon rapèl. lavi nou ak peyi nou va kontinye pwogrese si nou pran angajman respekte Bondye ansanm ak prensip li yo. Eske Etazini pwogrese? Wi, vreman. Eske yo toujou ap pwogrese? Wi, men li sou yon tèk ap sekwe. Poukisa? Paske nou kwrè nan lajan olye se nan Bondye. Poukisa lafwa nan lajan va detwi nou?

Premyèman, yon kè ki pa genyen la-perèz Bondye pa genyen kontwol ki sòti andedan li, epi li va gen tèt di epi vin rebèl. San laperèz Bondye, sosyete yo vin deside sa ki bon poukont yo. Yo konpare tèt yo ak parèy yo epi yo jistifye zak yo. Lajan olye Bondye vin tounen estanda nou baze n pou nou evalye tèt nou, epi sa va detwi nou. Linyonsovvetik te eseye epi li te echwe mizerableman – menmjan ak tout sosyete ki rejte lwa Bondye kòm estanda yo. Si nou vle pwogrese, nou dwe krè epi fè Bondye konfyans, epi wè lajan tankou yo soupwodui sèten valè ak yon mwayen pou fè echanj.

Dezyèmman, san konfyans nan Bondye epi si nou pa etabli règ moral ak

valè, lajan nou va disparèt nan pòch nou kòm si yo te gen twou. San lwa Bondye pou gouvènè nou, nou vin debalanse. Nou vin ap gaspiye epi nou pèdi sans pwodiktivite nou, alòs nou vle monte taks olye nou koud twou ki nan pòch nou.

Sa sa vle di fè Bondye konfyans? Li pa vle di nou sispann fè plan epi travay pou nou reyalize objektif nou. Fè Bondye konfyans pa dwe rann nou pasif epi parese. Sa vle di nou konte sou Bondye epi nou krè nan Li nan yon pwen kote nou baze vi nou ak biznis nou sou valè pa Li yo. Lakonfyans sòti nan eksperyans ak koneksans nou genyen ak yon moun. Nou pa kapab ni achte l ni mande l, nou dwe merite l. Lè nou fè eksperyans ak Li epi nou vin konnen Bondye, nou va twouve Li fidèl, Li konnen toutbagay, Li onèt epi Li serye. Donk nou mete konfyans nou nan limenm epi nou baze vi nou sou lwa ak valè li, sa ki va bannou lebonè nan lavi.

Lè nou krè nan lajan, se yon bagay ki tanporè epi ki perisab. Lwa Bondye yo fiks epi ou kapab fè yo konfyans.

Yo dire etènèlman ; lesyèl ak latè va pase anvan lwa Li pase. Konfyans nan Bondye va lakòz nou viv selon règ ki va pote pwosperite, men konfyans nan lajan va lakòz nou vin visye epi debalanse, sa ki va detwi karaktè nou.

Genyen twa (3) fason nou kapab mezire konfyans nou gen nan Bondye:

1. Lè bagay yo pa mache byen, ki sous nou mande sekou?
2. Ki kantite jefò nou fè nan etid prensip Bondye?
3. Kisa sa va mande pou fè nou bay manti oswa vòlè?

Prensip sa a se yon pati pwogram yon lane devlopman karaktè:

Fondasyon pou Sikse.

PANSE POU MEDITE:

Pwoblèm nou se lefèt nou konnen Bondye kapab fè nenpòt bagay, epi kounye an nou vle Li fè toutbagay.

Evalye tèt ou de 1 a 10	1	2	3	4	5	6	7	8	9	10
Poukisa w bay tèt ou nòt sa a?										
Ki avantaj ou kapab jwenn lè w ogmante nòt ou?										
Ki aksyon espesifik ou kapab fè pou verifye avantaj prensip sa a?										
Lis verifikasyon lekti w fè toulejou sou prensip sa a.	M	T	W	T	F	S	S			

Konplete

Pa konplete